

Rezime reyinyon komite: Ane lekòl 2026-2027

Enfòmasyon ak kalandriye reyinyon

Tout reyinyon yo ap kòmanse a 6:00pm (EST) epi y ap difize yo andirèk sou entènèt la (gade [la a](#)). Ou ka jwenn plis enfòmasyon pou reyinyon chak mwa yo sou sit entènèt ki la a: [PEP - ORÈ REYINYON KOMITE](#). Sèvis entèpretasyon ap toujou disponib pou reyinyon komite yo. Si w bezwen sèvis pou lang ki poko disponib, tanpri kontakte nou nan: panel@schools.nyc.gov.

Enfòmasyon ak dat reyinyon (Ane lekòl 2026-2027)		
Mwa reyinyon	Tip reyinyon	Dat Reyinyon
Jiyè	Reyinyon regilye Chak mwa	29 jiyè 2026
Out	Reyinyon regilye Chak mwa	26 out 2026
Septanm	Reyinyon regilye Chak mwa	30 septanm 2026
Oktòb	Reyinyon regilye Chak mwa	28 oktòb 2026
Novanm	Reyinyon regilye Chak mwa	18 novanm 2026
Desanm	Kenbe pou yon reyinyon espesyal*	9 desanm 2026
	Reyinyon regilye Chak mwa	16 desanm 2026
Janvyè	Reyinyon regilye Chak mwa	20 janvyè 2027
	Kenbe pou yon reyinyon espesyal*	27 janvyè 2027
Fevriye	Kenbe pou yon reyinyon espesyal*	10 fevriye 2027
	Reyinyon regilye Chak mwa	24 fevriye 2027
Mas	Ann atant pou reyinyon espesyal*	17 mas 2027
	Reyinyon regilye Chak mwa	24 mas 2027
Avril	Reyinyon regilye Chak mwa	14 avril 2027
Me	Ann atant pou yon reyinyon espesyal*	5 me 2027
	Reyinyon regilye Chak mwa	19 me 2027
Jen	Reyinyon regilye Chak mwa	9 jen 2027

*Nou kenbe plizyè dat pou “Reyinyon espesyal yo” nou ka bezwen pou pwopozisyon itilizasyon lekòl.

Patisipasyon nan kòmantè piblik

Gen de diferan tip temwayaj piblik anpèsòn nan yon reyinyon komite: (1) kòmantè piblik (public comment) ak (2) kòmantè san restriksyon (open comment). **Kòmantè piblik** fèt pou chak bagay ki nan ajanda komite a pral vote yo tankou kontra, pwopozisyon itilizasyon lekòl, règleman Chanselye yo oswa plis. Manm piblik la ki enskri pou pale ap resevwa jiska de minit edmi (2:30) pandan tan ki apwopriye a nan reyinyon an. **Kòmantè san restriksyon** fèt nan fen yon reyinyon, apre yo fin vote sou tout pwen ki nan ajanda a. Kòmantè san restriksyon fèt espesyalman pou pèmèt manm piblik la pale sou nenpòt sijè ki enterese yo jiska de minit (2:00)—alafwa sou sijè ki gen ak ki pa gen rapò avèk ajanda reyinyon an. Anplis temwayaj anpèsòn, manm piblik la kapab voye ale tou [kòmantè piblik alekri](#) dirèkteman bay tout komite a nenpòt ki lè.

Enskripsyon pou kòmantè piblik

Nenpòt moun ka enskri pou bay temwayaj anpèsòn pandan kòmantè piblik oswa kòmantè san restriksyon. Moun ki vle pran lapawòl ap ka enskri soti 5:30 pou rive 6:15 p.m. (EST), y ap ka fè sa ni nan pòt lekòl k ap òganize li a ni sou entènèt sou sitwèb komite a (gade [la a](#)). Se moun ki vle pran lapawòl sèlman ki ka mete non yo sou lis, epi se sèl moun ki mete non yo sou lis k ap kapab pran lapawòl pandan peryòd apwopriye a. Moun ki vle pale sou pwen espesifik pou vòt pandan kòmantè piblik la, ap gen dwa jiska de minit edmi (2:30) pandan pati reyinyon ki la pou sa. Pandan tan sa a, moun ki vle pale pandan kòmantè san restriksyon an ap gen dwa jiska de minit (2:00) pandan tan sa a nan reyinyon an.